

3 OPSYON POU VOTE

AN PÈSÒN JOU ELEKSYON AN

Vote an pèsòn nan biwo vòt ou a

2 jen 2026 soti 6è am pou rive 8è pm

Jwenn biwo vòt ou a sou lwvnj.org/vote

VÒT AN AVANS AN PÈSÒN

Vote lè w sèvi avèk yon machin pou vote nan biwo vòt ki prevwa pou vòt an avans yo.

26 me – 31 me 2026

10 am – 8 pm jou lasemèn ak samdi

10 am – 6 pm Dimanch

Jwenn biwo vòt ou a sou lwvnj.org/vote

VÒT PA LAPÒS

Nenpòt elektè ki enskri e ki kalifye ka vote-Pa lapòs nan NJ aprè ou fin aplike.

Pou fè yo voye bilten vòt pa lapòs ou a pou ou, aplike sou entènèt oswa voye yon aplikasyon pa lapòs Grefye Konte w la dwe Resevwa nan dat **26 me 2026**.

Elektè yo kapab aplike an pèsòn tou nan biwo vòt yo. Grefye Konte a **jiska 3è pm nan dat 1ye jen 2026**.

Gade lòt bò a pou retounen Vòt-Pa-Bilten vòt pa lapòs.

VIZITE LWVNJ.ORG/VOTE

**POU FÒMILÈ ELEKTÈ,
BIWO VÒT YO
AK ANPIL ANKÒ**



ELEKSYON PRIMÈ 2026

VOTE PA LAPÒS

Retounen bilten vòt ou a nan youn nan twa fason sa yo

- **Bwat Depo An Sekirite:** Sèvi ak yon bwat depo an sekirite nan konte w la anvan 8è pm nan jou eleksyon an.
- **Biwo Komisyon Eleksyon an:** Pote bilten vòt ou a an pèsòn nan Komisyon Eleksyon Konte ou a anvan 8è pm nan jou eleksyon an.
- **Pa lapòs:** Bilten vòt la dwe gen tenb lapòs la anvan jou eleksyon an. Akòz yon chanjman resan, USPS konsidere lapòs kòm tenm poste lè yo *trete* li, se pa lè yo resevwa li. Si ou chwazi voye bilten vòt ou pa lapòs, fè sa omwen plizyè jou anvan jou eleksyon an.

AFILYASYON PATI

Nan yon eleksyon primè nan NJ, se sèlman manm yon pati politik ki deja anrejistre ki ka nonmen kandida pati yo a.

- Pou chanje afilyasyon aktyèl ou a, ou dwe resevwa fòmilè deklarasyon afilyasyon pati ou a **anvan 8 avril 2026**.
- Elektè ki pa afilye yo ka deklare yon pati politik lè l sèvi avèk fòmilè sa a oubyen an pèsòn nan biwo vòt yo jou eleksyon an.

DAT LIMIT POU ENSKRIPSYON ELEKTÈ

12 me 2026 (pa lapòs oswa sou entènèt)

JOU ELEKSYON AN

Madi 2 jen 2026

Biwo vòt yo louvri 6è am pou rive 8è pm

VIZITE VOTE411.ORG

POU ENFÒMASYON SOU KANDIDA
AK AVAN BILTEN VÒT LA

VOTE 411